

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Sumber data atawa anu jadi objék dina ieu panalungtikan téh nya éta *Wawacan Budiman*. Ieu wawacan mangrupa dokumentasi Pusat Studi Sunda (PSS), anu didokumentasikeun dina wangun mikrofilm, dina tanggal 21 Juli 1990, kalawan nomer rol 23 naskah ka-2. Sumberna ieu wawacan téh ti Aki Nata, pernahna di Kampung Cirateun, Desa Baros, Kecamatan Pameungpeuk, Kabupaten Bandung. Titimangsa nulisna ieu naskah nya éta dina ping 26 Pebruari 1911 M atawa 26 Safar 1329 H. Aksara anu digunakeunna nya éta Arab Pégon jeung ngagunakeun basa Sunda. Kandalna naskah 69 kaca, unggal kacana 13 jajar, sarta pupuh anu digunakeunana aya tujuh.


Tina ieu sumber data ditalungtik jeung dipedar eusi jeung struktur carita pikeun dijadikeun populasi atawa sampel total.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta sakabéh prosés anu diperlukeun dina rarancang panalungtikan jeung “*pelaksanaan*” panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah panalungtikan, nya éta: (1) idéntifikasi naskah, (2) transliterasi naskah, (3) ngolah data, (4) kacindekan, jeung (5) nyusun laporan. Sangkan leuwih jéntré deui, dibagankeun saperti kieu:

Bagan. 3.1
Desain Panalungtikan



3.3 Método Panalungtikan

Istilah métode asalna tina kecap *methods* (basa Latén), nu hartina tarékah, stratégi, atawa *siasat* maham *réalitas* (kanyataan) dumasar léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkulan runtuyan sabab-akibat (*kausalitas*). Fungsina métode pikeun ngungkulan pasualan dina panalungtikan (Ratna, 2009: 34). Dina enas-enasna, métode téh minangka léngkah ngahontal udagan pikeun nyangking hasil panalungtikan nu gembleng. Ku lantaran kitu, unggal panalungtikan salawasna baris merlukeun métode anu luyu jeung udagan nu hayang dihontal.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode dékriptif-analisis. Métode déskriptif-analisis nya éta métode nu ngagambarkeun tur méré pamahaman ngeunaan fakta-fakta nu nyampak dina objék panalungtikan (Ratna, 2009: 53). Dina ieu panalungtikan, éta métode téh dipaké pikeun ngadéskripsikeun naskah *Wawacan Budiman* sangkan kapaluruh kaayaan naskah,

struktur eusi caritana, jeung tanda-tanda sémiotik dina éta téks wawacan, anu saterusna dijadikeun bahan pangajaran maca carita buhun siswa SMA.

3.4 Wangenan Operasional

Ieu di handap dijéntrékeun istilah-istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan diantarana nya éta:

- 1) Wawacan Budiman atawa sok disebut ogé wawacan tingkah awak, nya éta wawacan anu eusina nyaritakeun ngeunaan naséhat ahlak pikeun manusa sangkan meunang kabagjaan di dunya, utamana di ahérat. Ieu wawacan dianggit dina wangun pupuh, ari jumlahna aya tujuh pupuh, nya éta Pangkur, Dangdanggula, Durma, Magatru, Pucung, Sinom, jeung Kinanti.
- 2) Analisis Struktur mangrupa hiji kajian kana unsur-unsur intrinsik anu ngawangun hiji carita dina karya sastra (*Wawacan Budiman*). Dina ieu panalungtikan diwatesanan kana informasi anu aya dina fakta carita (palaku, galur, jeung latar) wungkul.
- 3) Sémiotik nya éta élmu ngeunaan tanda-tanda atawa pemahaman ma'na karya sastra ngagunakeun tanda. Hal ieu diluyukeun jeung kanyataan yén bahasa téh sistem tanda. Dina ieu panalungtikan tanda-tanda anu dimaksud nya éta ikon, indéks, jeung simbol.
- 4) Bahan ajar nya éta sajumlahing matéri anu ditepikeun ka siswa dina kagiatan diajar-ngajar, ogé mangrupa komponén tina sistem pangajaran anu ditepikeun ku guru ka murid luyu jeung katangtuanna.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat-alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun, ngolah, jeung ngainterprétasi sagala informasi anu ditarima.

Anapon instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Tabél analisis pupuh anu digunakeun dina *Wawacan Budiman*, digunakeun pikeun maluruh jumlah pupuh jeung pada dina unggal kanto.

No	Ngaran pupuh	Jml Pada	Guru Wilangan	Guru Lagu
(1)	(2)	(3)	(5)	(6)

- 2) Tabél analisis kasalahan guru wilangan, digunakeun pikeun maluruh kasalahan makéna guru wilangan dina unggal padalisan, jeung katerangan leuwih atawa kurangna padalisan dina unggal pada.

No	Pada ka	Padalisan	Engang	
			leuwih	kurang

- 3) Tabél analisis kasalahan guru lagu, digunakeun pikeun maluruh kasalahan makéna guru lagu dina unggal padalisan.

No	Ngaran pupuh	Pada ka-	Padalisan ka-	Keterangan	
				dina teks	kuduna
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)

- 4) Tabél Interprétasi Tanda Ikon, digunakeun pikeun maluruh tanda-tanda ikon dina *Wawacan Budiman*.

No	Kode	Objek Analisis	Tipe			Interprétasi
			Img	Dgm	Mtf	
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)

Katerangan:

Img : Imagi
Dgm : Diagram
Mtf : Métafora

- 5) Tabél Interprétasi Tanda Indeks, digunakeun pikeun maluruh tanda-tanda indéks dina *Wawacan Budiman*.

No	Kode	Objek Analisis	Tipe	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

- 6) Tabél Interprétasi Tanda Simbol, digunakeun pikeun maluruh tanda-tanda simbol dina *Wawacan Budiman*.

No	Kode	Objek Analisis	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan nya éta salasihiji usaha pikeun milih cara (prosédur) mana nu kudu dilakonan dina ngagunakeun métode anu tangtu, sangkan tujuan sasaran nu dipikahayang dina hiji panalungtikan bisa kahontal.

Téhnik panalungtikan anu dilakukeun ngawengku dua tahap, nya éta ngumpulkeun data jeung ngolah data.

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun studi dokuméntasi.

Studi dokuméntasi dilakukeun ku cara ngumpulkeun jeung maca téksna atawa bahan-bahan, saperti macaan literatur-literatur ngeunaan wawacan jeung transliterasina, struktur carita karya sastra, jeung sémiotika, pikeun meunangkeun dasar-dasar tiori nu aya hubunganana jeung panalungtikan.

3.6.2 Tehnik Ngolah data

Dina ngolah data digunakeun téhnik analisis téks. Ari léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Idéntifikasi jeung maca naskah *Wawacan Budiman*;
- 2) Nyusun transliterasi naskah *Wawacan Budiman*;
- 3) Nganalisis struktur carita *Wawacan Budiman*;
- 4) Nganalisis Sémiotik dina *Wawacan Budiman*;

- 5) Nyieun conto bahan pangajaran maca carita buhun pikeun siswa SMA luyu jeung SKKD pangajaran bahasa jeung sastra Sunda;
- 6) Nyusun laporan panalungtikan, disusun dina wangun skripsi.

